Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE DÈNYE GWO ETAP NAN TRANSFÒMASYON FABRIKASYON KRÈM GLASE WELLS ENTERPRISES KI VO 425 MILYON DOLA NAN DUNKIRK

Izin dènye kri a plis pase double anprent li, prezante enstalasyon chokola inik, epi amelyore kapasite pwodiksyon li

Pwojè a kenbe anplwa yo, li pral ajoute 270 nouvo djòb nan Lwès Nouyòk pou sipòte pòtfèy krèm glase ak pwodui konjele k ap grandi a

Envestisman Eta Nouyòk yo respekte angajman Gouvènè Hochul pou elaji ak ranfòse sektè fabrikasyon avanse a

Gade foto nouvo etablisman an isit la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dènye etap enpòtan nan ekspansyon enstalasyon fabrikasyon dènye kri Wells Enterprises la nan Dunkirk. Yo te òganize seremoni koupe riban pou pwojè 425 milyon dola a, ki gen ladan sant anplwaye dènye kri ki fèk fini an ak nouvo liy pwodiksyon yo. Enstalasyon an ogmante kapasite pwodiksyon an anpil pou mak krèm glase popilè konpayi an, li prezante kapasite dènye kri pou inovasyon alavni, epi li gen yon enstalasyon fabrikasyon chokola san parèy nan izin lan pou pwodui engredyan pou liy krèm glase ak nouvote li yo.

"Nou te bati yon momantòm enkwayab nan sektè fabrikasyon Konte Chautauqua a, epi pwogrè gwo ekspansyon sa a se yon viktwa istorik pou Dunkirk ak tout rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou asosye avèk Wells Enterprises, nou transfòme sit sa a an yon etablisman fabrikasyon teknoloji avanse, nan nivo mondyal, ki pral garanti plizyè santèn djòb ki byen peye pou travayè Nouyòk yo epi ranfòse patenarya biznis lokal nou yo epi bay yon ogmantasyon dirab pou kiltivatè letye nou yo ki travay di."

Envestisman istorik sa a pral pote 270 nouvo djòb nan zòn nan pandan l ap kenbe apeprè 380 pozisyon aplentan ki deja egziste, sa ki make youn nan pi gwo envestisman prive nan listwa Konte Chautauqua. Eta Nouyòk te sipòte pwojè a avèk jiska 12 milyon dola nan kredi taks Pwogram Travay ak Envestisman Excelsior ak yon sibvansyon 6 milyon dola ki soti nan men Empire State Development. Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Chautauqua a (County of Chautauqua Industrial Development Agency, CCIDA) te bay tou asistans lokal esansyèl pou reyalize pwojè a.

Direktè Operasyon Wells Enterprises, Nicolas Neykov, te deklare, "Nou pa te ka pi kontan pou selebre ouvèti nouvo etablisman anplwaye dènye kri nou an, pou bay anplwaye nou yo espas, zouti ak teknoloji yo merite. Etap enpòtan sa a se pou yo, manm ekip nou yo, ki jwe yon wòl esansyèl nan anbisyon nou pou nou lidè nan kwasans kategori krèm glase nan Etazini epi ki kontinye pote lajwa bay konsomatè nou yo chak jou. Nou trè rekonesan anvè Eta Nouyòk, Konte Chautauqua, ak kominote Dunkirk pou sipò inebranlab yo nan pakou sa a."

Enstalasyon Dunkirk la, ki sitiye nan 810 Main Street, gen yon sifas apeprè 32,530 mèt kare (350,000 pye kare), plis pase double sifas orijinal li. Liy pwodiksyon ki gen teknoloji avanse nan faktori a fèt pou ogmante kapasite pwodiksyon total la pou rive plis pase senk fwa kapasite li te genyen anvan an, sa k ap pèmèt konpayi an devlope rapidman nan domèn krèm glase espesyal ak krèm glase ki anbale. Ekspansyon ki fini an gen ladan liy fabrikasyon gwo pwodiksyon, yon etablisman entegre pou fabrikasyon konpoze chokola, ak sal repo, biwo, ak ekipman ki pi bon nan kategori yo ki fèt pou ofri yon anviwònman travay premye klas pou anplwaye yo. Pandan tout pwosesis konstriksyon an ki te dire plizyè ane jiska prezan, Wells te kenbe tout pwodiksyon krèm glase nan etablisman li ki egziste deja a pou satisfè demann konsomatè yo. Konstriksyon an ap toujou dewoule pou konplete plis liy pwodiksyon epi elaji kapasite pwosesis yo e li prevwa fini an 2028.

Operasyon agrandisman konpayi an pral benefisye endistri letye nan nòdès la yon fason konsiderab. Enstalasyon ki agrandi a kontinye itilize plizyè milyon liv pwodui letye chak ane, yon volim ke yo prevwa k ap ogmante ansanm ak kwasans konsomasyon domestik la. Previzyon endistri yo montre gwosè mache krèm glase a nan Etazini pral grandi anpil, rive nan yon valè ki estime a 28.56 milya dola ameriken an 2032, sitou akoz gwo demann pou desè letye jele yo ak ogmantasyon kantite chèn restoran manje rapid ak restoran nan peyi a. Anplis de sa, Nouyòk klase katriyèm nan peyi a nan fabrikasyon krèm glase, avèk 51 biznis ki gen pewòl, sa ki mete eta a nan twazyèm plas nan pwodiksyon total krèm glase nan tout peyi a.

Wells Enterprises, Inc. fè pati Ferrero Group, yon lidè mondyal nan pwodui dous anbale, ki gen mak anblematik tankou Nutella, Tic Tac, ak Ferrero Rocher. Kòm pi gwo fabrikan krèm glase prive nan Etazini, Wells te fonde an 1913 pa Fred H. Wells epi fanmi Wells te opere li pandan plizyè jenerasyon. Jodi a, Wells pwodui plis pase 200 milyon galon krèm glase chak ane, li distribye pwodwi yo nan tout 50 eta yo epi li anplwaye apeprè 4,000 travayè nan tout peyi a. Konpayi an te fonde nan Le Mars, Iowa, epi etablisman li nan Dunkirk la jwe yon wòl enpòtan kòm youn nan poto mitan rezo fabrikasyon nasyonal li a, k ap soutni pwodiksyon divès mak konpayi an, tankou mak prensipal li a, Blue Bunny, ansanm ak mak entènasyonal Ferrero yo, tankou Nutella Ice Cream ak Kinder Bueno Frozen.

Izin krèm glase ki elaji a ap kontinye itilize san pwoblèm enstalasyon distribisyon chanm fwad Americold la ki sitiye nan vil Dunkirk, ki bay enfrastrikti chèn apwovizyonman enpòtan pou rejyon an. Pwojè Americold ki toupre a, ki vo 41 milyon dola, te resevwa

jiska 700,000 dola nan kredi taks ki baze sou pèfòmans atravè Pwogram Travay Excelsior la an echanj pou kreyasyon 60 djòb aplentan.

Prezidan, Direktè Jeneral ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Wè enstalasyon fabrikasyon monimantal sa a konplètman agrandi epi operasyonèl se yon bagay ki vrèman enteresan. Sa reflete konfyans total nan mendèv lokal la, nan founisè pwodui letye nou yo ki genyen prim, ak nan patenarya solid nou yo nan nivo leta ak lokal yo. Wells ap kontinye inove apati yon pozisyon fòs isit la nan Dunkirk. Gras a vizyon Gouvènè Hochul la, n ap garanti travay fabrikasyon demen yo isit la menm nan Konte Chautauqua."

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk Richard A. Ball te deklare, "Envestisman istorik sa a konekte pwen yo nan pi bon fason li. Lè Wells Enterprises plis pase double anprent li epi ogmante kapasite li, li ap asire ke pwodui letye eksepsyonèl eta nou an, ki fèt ak lèt lokal ki soti nan kiltivatè nan zòn nan, kontinye rive jwenn konsomatè nan tout peyi a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Wells Enterprises pou angajman yo anvè lwès Nouyòk la ak paske yo sipòte agrikilti Nouyòk la, ki se yon gwo motè ekonomi nou an epi ki nouri kominote lokal nou yo."

Majistra Dunkirk la, Kate Wdowiasz, te deklare, "Nou kontan anpil pou selebre finisman envestisman istorik Wells Enterprises la ki se 425 milyon dola nan Vil Dunkirk. Enstalasyon sa a asire yon avni ekonomik briyan pou nò Konte Chautauqua a lè li pote 270 nouvo djòb nan kominote nou an. Ansanm, n ap bati yon chemen ki mennen nan pwosperite alontèm, pou asire ke Dunkirk kontinye pwospere kòm yon sant pou fabrikasyon avanse."

Kad Egzekitif Konte Chautauqua Paul M. Wendel Jr. te deklare, "Envestisman 425 milyon dola Wells Enterprises la se yon vòt konfyans fòmidab pou Dunkirk, Konte Chautauqua ak moun ki rele kominote sa a lakay yo. Ekspansyon sa a pa sèlman ranfòse youn nan operasyon fabrikasyon ki pi enpòtan nan rejyon nou an, men tou li kreye 270 nouvo opòtinite pou fanmi lokal yo tout pandan l ap sipòte plizyè santèn travay ki deja la yo. Nou fyè dèske nou te travay ansanm ak Wells, Vil Dunkirk, CCIDA ak Eta Nouyòk pou fè pwojè istorik sa a tounen yon reyalite. Se egzakteman kalite envestisman sa a ki ranfòse ekonomi nou an, sipòte endistri letye nou an epi ki pozisyone Konte Chautauqua pou yon kwasans kontinyèl pou jenerasyon k ap vini yo."

Mark Geise, Direktè Egzekitif Jeneral CCIDA, te deklare, "Seremoni koupe riban jodi a se yon gwo etap enpòtan pou Wells Enterprises, Dunkirk, Konte Chautauqua, ak rejyon an epi nou trè fyè de wòl CCIDA a te jwe e kontinye jwe nan ede reyalize pwojè transfòmasyon sa a. Nou rekonesan anvè Wells pou angajman ekstrawòdinè yo anvè kominote nou an ak mendèv nou an lè yo prezève epi kreye plizyè santèn djòb ki soutni fanmi yo e ki pral benefisye rejyon nou an pou plizyè ane k ap vini yo."

Enfòmasyon sou Empire State Development
Empire Sate Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè Eta a.

Avèk biwo nan chak nan 10 rejyon Eta a, ESD sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) la. Ajans lan angaje ak endistri ki ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semikondiktè ki ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou LinkedIn, Facebook, ak X

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.